# Кеўил билдириў

Image not found or type unknown

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳәм Министрлер Кеңесиниң мийнет жәмәәти 12.02.2024-жыл Қдирниязов Айбосын Тажиниязовичтиң қайтыс болыўы мүнәсибети менен оның шаңарақ ағзаларына ҳәм жақынларына терең қайғырыў менен кеўил билдиреди.

Қдирниязов Айбосын Тажиниязович өзиниң 38 жыллық мийнет жолы даўамында Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси депутаты, Қарақалпақстан Республикасы Гидрометеорология орайы баслығы ҳәм басқа тараўларда жемисли мийнет етти. Көп жыллық мийнетлери мүнәсип баҳаланып, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң «Ҳүрмет жарлығы», ««Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген аўыл хожалығы хызметкери» хүрметли атағы менен ҳәм Өзбекстан Гидрометеорология хызмети «Белсендиси» ҳүрмет жарлығы менен сыйлықланды.

Қдирниязов Айбосын Тажиниязович бай билими, тәжирийбеси ҳәм мәнәўий пәзыйлетлери менен, бәршемизге өрнек болатуғындай устаз еди. Ол қарақалпақ елиниң ҳақыйқый жетекшиси сыпатында бәрқулла халықтың дәрти ҳәм тәшўийшлери менен жасады. Әсиресе, кексе әўлад ўәкиллери, мийрибан апа-аналарымыз, әзиз жасларымыздың турмыс ҳәм мийнет шараятларын жақсылаў, олардың мүнәсип келешегин тәмийинлеў жолында айрықша белсендилик көрсетип, шын кеўилден хызмет етти.